



Pou Piblikasyon Imedya: 29/10/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL VIZITE ENSTALASYON ANBALAJ FAMASETIK AN VÈ NAN CORNING

Estimile ogmantasyon travay nan ekspansyon enstalasyon Big Flats yo, ki depase atant yo

Ankouraje wòl enstalasyon fabrikasyon pou sipòte pi gwo efò vaksen COVID-19 Corning lan, ki pèmèt flakon pou plis pase 3 milya dòz

Se “Southern Tier Soaring” ki finanse investisman Eta New York nan Izin -- Estrateji global reyon an pou revitalize kominote yo epi devlope ekonomi an

Gouvènè Hochul te vizite jodi a Sant Sipò Inovasyon Corning lan ki nan Big Flats ak nan Etablisman Rechèch ak Devlopman Corning lan nan Pak Sullivan. Konpayi an se youn nan pwodikte prensipal anbalaj famasetik an vè, ki te enpòtan nan deplwaman vaksen COVID-19 la. An reyalite, konpayi an te fasilite livrezon plis pase 3 milya dòz vaksen gras ak flakon ak pòtfèy tib famasetik an vè avanse li yo. Corning se youn nan inovatè prensipal nasyonal nan syans materyèl, avèk 170 ane eksperyans nan domèn envansyon ki chanje lavi. Konpayi an konbine ekspètiz san parèy li nan syans vè, syans seramik ak fizik optik avèk fabrikasyon eskizif ak kapasite enjeniri pou devlope pwodui definisyon kategori ki transfòme endistri epi ede fè monn lan pwogrese.

"Corning jwe yon wòl vital nan kenbe vaksen ki sove lavi yo nan apwovizyonman konstan, epi travay konpayi an se ede revitalize ekonomi Southern Tier", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Atravè teknoloji inovatè ak pwodiksyon flakon famasetik li yo, Corning ap ede asire distribisyon sekirite ak efikas vaksen yo toupatou nan peyi a. Gras ak investisman New York nan ekspansyon enstalasyon anbalaj famasetik Corning lan, n ap ede pote viktwa kont COVID la, pandan n ap depase pwojeksyon kwasans travay ki esansyèl pou revitalizasyon ekonomi nou an".

Wendell P. Weeks, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Corning lan, te deklare, "Nou fyè pou n fè pati pa nou nan batay kont pandemi an epi Corning kontinye rete pare pou fè patenarya avèk kliyan nou yo ak kominote nou yo pou ede prepare pou ijans sante piblik alavni yo. Nou rekonesan pou sipò lidè tankou Gouvènè Hochul, ki te yon gwo defansè pou investisman ekonomik kontinyèl nan Southern Tier".

Corning se youn nan pi gwo anplwayè nan New York, avèk 7,000 anplwaye atravè eta a ak plis pase 6,000 nan Southern Tier. An 2017, Eta New York te anonse li t ap sipòte kwasans operasyon famasetik konpayi an nan Southern Tier. Corning te angaje nan kreye jiska 185 nouvo travay akòz kwasans lan. Jiskaprezan, yo depase an reyalite angajman sa a, kreye plis pase 200 nouvo travay nan biznis Teknoloji Famasetik li yo. Empire State Development te ofri jiska 6 milyon dola atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò (Upstate Revitalization Initiative) Southern Tier Soaring lan pou acha ekipman ak pou amelyorasyon enfrastrikti nan sit la. Corning pral resevwa tou jiska 1.75 milyon dola atravè Pwogram Kredi Enpo Eksèlisyò a (Excelsior Tax Credit Program) an echanj pou angajman nan kreyasyon travay sa yo. Montan total pwojè a se 95.5 milyon dola.

Senatè Tom O'Mara te deklare, "Se yon gwo sous fyète ke Etazini te transfòme ekspètiz, inovasyon ak teknoloji avanse Corning Incorporated nan konba kont COVID-19 la. Valor Glass se yon reyalizasyon remakab epi te ede sekirize yon plas enpòtan pou Southern Tier nan kat nasyonal rechèch ak devlopman, ak fabrikasyon avanse. Pwodiksyon remakab, depwent anbalaj vè famasetik revolisyone sa a te kreye plizyè santèn bon travay ak ranfòse ekonomi rejyonal la, pandan an menm tan li t ap jwe yon wòl fondamantal nan repons Etazini pou pandemi an. Investisman Eta New York la nan pwojè sa a te lakòz gwo avantaj nan nivo lokal, etatik ak nasyonal. Nou fyè dèske Corning Incorporated reprezante rejyon nou an tèlman byen epi kontinye yon tradisyon fyè pou ankore kominote ak ekonomi Southern Tier yo".

Manm asanble Phil Palmesano te deklare, "Pwodiksyon Valor Glass Corning Incorporated, ki kounye a jwe yon wòl santral nan batay peyi a kont COVID-19 la, te mete aksan sou Southern Tier, tankou jamè anvan, kòm yon lidè nasyonal pou inovasyon ak fabrikasyon teknoloji avanse. Nou rete rekonesan anvè Corning Incorporated pou inovasyon kontinyèl li ak investisman an isit la nan Southern Tier. Liy pwodiksyon sa a poukont li te kreye plizyè santèn travay bon kalite, te ede estimile kwasans ekonomik rejyonal ak amelyore lavi yon bann fanmi ak tout kominote yo. Nou pa ka tann pou nou kontinye travay avèk Gouvènè Hochul dèske li fè sa tounen yon priyorite pou ankouraje fabrikasyon atravè investisman etatik enpòtan sa yo pou anplwayè lokal yo".

Manm Asanble Christopher S. Friend, te deklare, "Nou fyè pou entelijans mendèv la isit la nan Southern Tier. Mwen aplodi chak travayè nan Corning pou wòl yo nan batay kont pandemi an avèk pwodiksyon flakon Valor Glass yo pou kontni vaksen COVID-19 yo. Fabrikasyon lokal nou an ak rechèch se kle pou solisyon anpil defi modèn nou fè fas jodi a epi mwen pa ka tann pou kontinye ak ekselans nan endistri Southern Tier nou yo".

Pou kapab jwenn enfòmasyon adisyonèl sou Corning Incorporated, vizite:

<https://www.corning.com/worldwide/en.html>

Akselere Southern Tier Soaring

Anons jodi a vin konplemanje pwojè “Southern Tier Soaring”, ki se plan direktè global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik ki djanm ansanm ak devlopman kominote a. Plan ki fèt nan nivo rejyonal la konsantre sou atire yon mendèv ki plen talan, grandi biznis yo ak estimile inovasyon. Kounye a, rejyon an ap akselere Southern Tier Soaring lan gras ak yon envestisman 500 milyon dola Eta a atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò (Upstate Revitalization Initiative) a. Envestisman 500 milyon dola Eta a ap ensite biznis prive yo investi plis pase 2.5 milya dola – e plan rejyon an, jan li soumèt la gen pwojè pou plis pase 10,200 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

###

Lèt nouvel ki disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418